

---

# Leson 2:Fè Konsiltasyon Ansanm

Ou kapab anseye tout leson an oubyen separe l an segman ki pi kout. Adapte leson an a sikonstans lokal yo ak bezwen yo, laj yo, ak konpreyansyon kowòm ou an oubyen prezidans klas ou a.

## NOU JWENN FÒS NAN FÈ KONSILTASYON ANSANM

Fason Senyè a dirije Legliz Li a se atravè konsèy (gade nan [Doktrin ak Alyans 43:8-10](#)). Fè konsiltasyon ansanm kapab ede nou pou nou fè youn kòm kowòm oubyen prezidans klas, pou lespri a dirije nou lè n ap pran desizyon, ak pou nou vin pi efikas lè n ap fè travay Senyè a. Kijan fè konsiltasyon ansanm kapab ede nou pran pi bon desizyon?

## FÈ KONSILTASYON ANSANM KAPAB EDE NOU RESEVWA REVELASYON

Èldè Neil L. Andersen ansenye ke “revelasyon gaye pami nou” (nan [“Auxiliary Panels Use New Training Library,”](#) *Ensign*, Avril. 2011, 76). Fè konsiltasyon pèmèt nou rasanble revelasyon sa yo pandan n ap planifye ak reyalize travay Senyè a. Pou w ilistre ide sa a, ou ta kapab bay chak manm prezidans lan kèk pyès yon kastèt senp epi envite yo travay ansanm pou yo konplete kastèt la.

- Kijan egzanp sa a aplike a fè konsiltasyon kòm yon prezidans?
- Poukisa li enpòtan pou tout moun kontribye nan yon konsèy?
- Kisa nou kapab fè pou ede tout moun santi yo alèz pou yo patisipe?
- Kisa nou kapab fè pou nou envite ak koute Sentespri a pandan nou ap fè konsiltasyon ansanm?

Panse a yon defi oubyen yon bezwen nan kowòm ou an oubyen klas ou a. Pratike konsiltasyon ansanm sou jan nou kapab fè sa.

## RESOUS POU SIPÒ

- [Matye 18:20](#)
- [Etè 2:14–3:16](#)
- [Doktrin ak Alyans 88:122](#)
- [Doktrin ak Alyans 107:84–87](#).
- M. Russell Ballard, “[La Force dans le conseil](#),” *L’Étoile*, janvier 1994, 86-89.
- *Manyèl Jeneral: Sèvi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo*, [10.4](#), [11.3.4](#), [ChurchofJesusChrist.org](#).